NEW YORK STATE OF OPPORTUNITY.

Office for People With Developmental Disabilities

Prevansyon Etoufman ak Aspirasyon

Risk pou Toufe

2023

Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlòpmantal (OPWDD) la rekonèt moun ki gen andikap devlòpmantal prezante yon gwo risk disfaji (difikilte pou vale) ki ka mennen nan etoufman ak aspirasyon.

Kou sou entènèt sa a revize mezi prevantif pou diminye risk pou toufe ak aspirasyon.

Atant Kou a

Nan kou sa a, ou pral revize sa ki annapre yo:

- Definisyon etoufman ak aspirasyon
- Pwoblèm komen moun ki gen andikap devlòpmantal yo rankontre lè y ap manje oswa lè y ap bwè
- Idantifikasyon ak rediksyon risk atravè obsèvasyon moun nan ak anviwònman li
- Entèvansyon pou redui risk pou toufe ak aspirasyon
- Repons premye swen apwopriye nan ka yon ensidan

Definisyon Etoufman



DEFINISYON

ETOUFMAN

Etoufman (toufe) se lè pasaj pou lè a bloke ak manje, likid oswa objè etranje.

Definisyon Aspirasyon



DEFINISYON

ASPIRASYON

Aspirasyon se inale (rale) manje, likid oswa objè etranje nan poumon yo. Yo rele sa a tou desann nan move tiyo a.

Pwoblèm Komen (1. nan 3.)

Pou moun ki gen andikap devlòpmantal, gen pwoblèm komen ki mete yon moun nan risk etoufman ak aspirasyon:

- Kowòdinasyon misk ak/oswa ton diminye lakay moun nan, sa ki lakòz pwoblèm ak moulen oswa vale.
- Moun nan gen difikilte pou kenbe tèt li anlè oswa chita dwat.
- Moun nan gen pwoblèm mobilite sa ki fè li pa kapab byen pozisyone tèt li pou byen vale.

Pwoblèm Komen (2. nan 3.)

- Yo dyagnostike lakay moun nan Maladi Refliks Gastwo-Ezofajyen, yo souvan rele li RGE oswa refliks asid.
- Moun nan gen sousi oswa pwoblèm dantè.
- Moun nan ap pran medikaman ki afekte misk gòj yo oswa bouch la epi ki lakòz reta nan vale.

Pwoblèm Komen (3. nan 3.)

- Moun nan pa gen ladrès pou li manje epi li gen tandans manje anpil oswa manje rapid.
- Moun nan gen difikilte pou vale nenpòt bagay ki gen likid oswa manje ak konsistans ki pa apwopriye.
- Yo bay moun nan yon manb ekip anplwaye ki pa resevwa fòmasyon pou sipòte moun nan ak manje/bwè.

Prevansyon Esansyèl

- Gen kèk ensidan ki ka prevni konplètman.
- Lè repa yo ka agreyab pou kèk moun epi yon moman difisil pou lòt moun.
- Si nou idantifye pwoblèm yo epi devlope entèvansyon bonè, nou ka asire sante ak sekirite moun yo epi rann manje ak bwè yon bèl eksperyans pou yo.

Defi Ou!!

- Pi gwo erè pifò ekip tretman yo fè se pa idantifye sous reyèl pwoblèm manje/bwè yo.
- Ekip tretman yo ta dwe konsidere regilyèman yon pakèt kòz potansyèl.
- Yo ta dwe idantifye epi note estrateji entèvansyon ak prevansyon nan Plan Lavi a, Evalyasyon Fonksyonèl Konpreyansyon an (CFA), nenpòt evalyasyon risk ak Plan Manje.
  - Yo ta dwe diskite sou fason yon moun manje pandan Sesyon Planifikasyon Sèvis Entèdisiplinè a, epi, si gen risk, yo ta dwe diskite sou yon bon plan prevansyon, ekri, epi pataje ak tout anplwaye ki sipòte moun nan ki gen ladan anplwaye pwogram lajounen an.

Obsèvasyon (1. nan 4.)

Obsèvasyon se pi gwo zouti ou genyen pou prevansyon ensidan. Lè w ap ede yon moun manje oswa bwè asire w atansyon w ak konsantrasyon w rete sou moun nan.

Ki sa pou w obsève:

- Èske yon lòt moun mete manje oswa likid nan bouch moun nan?
- Èske moun nan touse oswa toufe pandan oswa apre li fin manje oswa bwè?
- Èske manje tonbe (oswa likid bave) soti nan bouch moun nan?

Obsèvasyon (2. nan 4.)

- Èske moun nan refize likid regilyèman?
  - Reponn "wi" si, pa egzanp, yo p ap bwè nan men kèk anplwaye oswa si yo renmen sèlman bwason pwès oswa mens.

- Èske moun nan refize manje regilyèman?
  - Reponn "wi" si, pa egzanp, yo p ap manje an men kèk anplwaye oswa yo pa renmen sèten konsistans.

<u>Enpòtan:</u>

Si fason yon moun manje oswa bwè chanje, notifye enfimyè a oswa sipèvizè a imedyatman.

Obsèvasyon (3. nan 4.)

- Èske moun nan gen yon pwoblèm medikal tankou paralizi serebral, refliks asid, difikilte pou vale oswa yon èni yatal?
- Èske moun nan gen konjesyon nan pwatrin kwonik, nemoni frekan, rale (wonfle) lè l ap respire, tous ki pèsistan oswa èske moun nan itilize nan yon fason kwonik medikaman pou tous oswa opresyon?
- Èske moun nan plenyen pou doulè nan pwatrin oswa sansyon brile oswa li gen ti vomisman souvan (sitou apre l fin manje) oswa rann gaz souvan oswa gen refliks lè li rann gaz?
- Èske moun nan manje oswa bwè twò vit oswa mete anpil manje nan bouch li ki ka lakòz li toufe?

Obsèvasyon (4. nan 4)

- Èske moun nan gen yon konpòtman ekstrèm pou chèche manje oswa pou chèche likid ki ka lakòz li blese?

- Èske moun sa a angaje nan manje bagay ki pa manjab (konpòtman pica)?
  - Gen moun ki gen andikap devlòpmantal ki gen yon kondisyon ki rele pica ki lakòz yo manje bagay ki pa manjab tankou gan kawotchou, pil, sigarèt oswa papye. Li enpòtan anpil pou w pote anpil atansyon sou anviwònman kay la si gen yon moun ki gen pica k ap viv la.

Entèvansyon (1. nan 2.)

ENTÈVANSYON yo se metòd pou ede redui risk etoufman ak aspirasyon

- Konnen Plan Manje moun nan ki ekri a.
- Prepare teksti manje ki apwopriye ak konsistans likid dapre preskripsyon doktè a.
- Se sèlman anplwaye ki resevwa fòmasyon ki dwe ede moun manje.
- Si moun nan gen difikilte pou vale, konsilte yon enfimyè oswa sipèvizè imedyatman.
- Ak anpil atansyon, anpeche moun nan manje si li touse, toufe, oswa repiyans (kè plen).
- Mande èd epi aplike premye swen, si sa nesesè, pou asire sekirite moun nan

Entèvansyon (2. nan 2.)

- Kenbe yon ritm dousman nan manje epi diminye gwosè bouche yo.
- Asire w moun nan chita pou manje ak lè ti goute yo nan yon bon pozisyon chita pou ankouraje li vale san danje.
- Pa angaje w nan lit pouvwa ak yon moun ki gen yon pwoblèm konpòtman lè l ap manje.
- Kenbe yon anviwònman kalm pandan l ap manje ak bwè.

Sipèvizyon

- Sipèvizyon enpòtan anpil pou prevansyon etoufman
- Sipèvize tout moun lè y ap manje ak/oswa bwè nan lè manje yo, lè goute yo, lè y ap pran medikaman, nan pwogram oswa nan kominote a:
  - Fim
  - Piknik
  - Jwèt boul
  - Restoran

Pwotokòl Fòmasyon

- Anplwaye yo dwe resevwa fòmasyon sou konsistans manje ak likid ki preskri.
- Si gen yon posiblite pou yon moun toufe, pa tann, rele 911 oswa aktive Sèvis Medikal Ijans la (EMS) epi ede moun nan imedyatman lè w aplike entèvansyon etoufman dapre fòmasyon Premye Swen ou genyen an.
- Si yo asiyen yon moun ak yon pèsonèl endividyèl, anplwaye a dwe suiv pwotokòl endividyèl la.
- Anplwaye yo dwe resevwa fòmasyon sou Plan Restorasyon pou chak moun y ap sipòte.

Konsistans Manje yo

- Antye
- 1 Pous Moso Koupe sou Mezi
- ½ Pous Moso Koupe sou Mezi
- ¼ Pous Moso Koupe sou Mezi
- Moulen
- Pire
- (Yo) Rann Likid (Ajoute nan lane 2023)

Tablo Konsistans Manje yo

Tèm	Ki jan li prepare	Gwosè	Deskripsyon	Egzanp
antye	Prepare dapre resèt la	Jan li prepare a	Pa gen chanjman	Blan poul kwit, imid ak soup
Moso 1 pous ki Koupe sou Mezi	Koupe pa anplwaye yo	Koupe an moso 1 pous	Moso manje ki apeprè lajè yon fouchèt	Blan poul kwit, imid ak soup, ki koupe an moso 1 pous
Moso 1/2 Pous ki Koupe sou Mezi	Koupe pa anplwaye yo	Koupe an moso ½ pous	Moso manje ki imid ak soup ki apeprè lajè yon kouto bè	Blan poul kwit, imid ak soup ki koupe an moso ¼ pous
Moso 1/4 pous ki Koupe sou Mezi	Koupe pa anplwaye yo	Koupe an moso ¼ pous	Moso manje ki imid ak soup ki apeprè lajè yon kreyon #2	Blan poul kwit, imid ak soup ki koupe an moso ¼ pous
Moulen	Prepare ak yon wobo kizine oswa yon ekipman ki konparab	Tankou Relish	Imid, koyezif, pa pi gwo pase yon grenn diri; gen aparans relish, dwe sèvi ak yon sòs ki pa gen anpil grès, ji vyann oswa kondiman	Vyann poul ki moulen, imid ak soup, ki sèvi ak sòs ki pa gen anpil grès
Pire	Prepare ak yon wobo kizine oswa yon ekipman ki konparab	Pa gen boul, manje a pa kolan, pat oswa ap koule	Lis, tankou yon pouding, imid	Vyann poul kwit ki imid ak soup epi ki sèvi ak sòs ki pa gen anpil grès pou jwenn yon pwodui lis san boul.
Rann Likid	Prepare ak yon wobo kizine oswa yon ekipman ki konparab	Pa gen boul, manje a pa kolan	Lis	Menm jan ak yon konsistans pire, men ak yon epesè siwo myèl oswa nekta.

Siy Inivèsèl pou Etoufman

Siy Inivèsèl pou Etoufman

- Mande èd
- Sèvi ak fòmasyon premye swen ou genyen
- Chèche tretman medikal

Kesyon Revizyon Kou a

Fòmasyon ou a prèske fini, sepandan, pou asire ou retire pwen ki pi enpòtan yo ou pral teste kounye a konesans ou ak kesyon revizyon.

Kesyon 1 nan 4

1. Si gen posiblite pou yon moun toufe:
   - A. Rele 911 oswa aktive EMS
   - B. Ede moun nan imedyatman
   - C. Tann moun nan mande èd
   - D. A ak B, toude kòrèk
   - E. Okenn nan sa ki anwo yo

Kesyon 2 nan 4

2. Mache pandan w ap manje ka ogmante risk pou w toufe.

- Vre
- Fo

Kesyon 3 nan 4

3. Nenpòt lè yon moun ki gen yon andikap devlòpmantal ap manje, ou ta dwe (chwazi tout sa ki aplikab):

- A. Kite chanm nan si li mande espas
- B. Asire w li chita pandan l ap manje
- C. Bay li libète pou li manje jan li vle
- D. Asire li koupe manje li byen
- E. Ankouraje li manje dousman

Kesyon 4 nan 4

4. Si fason yon moun manje oswa bwè chanje ou ta dwe fè sa ki annapre a:

- A. Koupe manje yo an pi piti moso
- B. Ofri moun nan plis likid
- C. Avize enfimyè a oswa sipèvizè a imedyatman
- D. Mete kiyè nan bouch moun nan pou l ka fini repa a.

Remèsiman

OPWDD remèsye Divizyon Andikap Devlòpmantal nan Depatman Sekirite Ekonomik Arizona paske li pèmèt nou adapte kou aprantisaj sou entènèt yo a pou devlope kou ou fenk konplete a.